

# Kiyès ki Kapab Pran Vaksen kont COVID-19?


Prèsk tout moun ki gen laj omwen 12 an kapab pran vaksen kont COVID-19. Ou kapab pran vaksen an si ou gen:

- Dyabèt
- Opresyon
- Kansè
- Maladi kè
- VIH
- Maladi ren

- Maladi fwa
- Alèji alimantè
- Alèji sezon, tankou alèji ak polenn
- Alèji ak medikaman ou pran nan bouch

- Pwooblèm boul san
- Ou te gen enfeksyon COVID-19 déjà
- Lòt pwooblèm sante
- Ou ansent, w ap bay tete oswa ou gen lentansyon vin ansent

Sèl rezon ki gen dwa fè ou pa kapab pran vaksen kont COVID-19 se si ou fè alèji grav ak yon engredyan ki nan vaksen an oswa si ou te fè alèji grav ak yon lòt vaksen oswa yon medikaman nan piki. Menm si ou fè oswa te fè alèji, ou gen dwa kapab pran vaksen an kanmenm, men ou dwe pale ak pwofesyonèl medikal ou **anvan** ou pran li. Eskane kòd QR la pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo.



Vaksen kont COVID-19 yo **pa** gen aditif konsèvasyon ladan yo, ni latèks, ni ze, ni mèki, ni tisi fetis oswa selil moun, ni jelatin oswa lòt pwodui zannimo, ni antibiotik, ni mikwotchip. Pou plis enfòmasyon sou chak vaksen, ale sou [nyc.gov/health/covidvaccine](https://nyc.gov/health/covidvaccine), jwenn seksyon ki gen kòm tit "Additional Resources" (Lòt Resous) la, epi gade "**Understanding the COVID-19 Vaccines**" (An nou konprann vaksen kont COVID-19 yo) nan meni pou dewoule "Download/Read" (Telechaje/Li) an.

**Vaksen kont COVID-19 yo san danje e yo pwoteje ou ak fanmi ou, zanmi ou ak kominate ou kont COVID-19. Pran vaksen an jodi a!**

Pale avèk pwofesyonèl medikal ou si ou gen kesyon sou pran vaksen an! Ale sou [nyc.gov/health/covidvaccine](https://nyc.gov/health/covidvaccine) pou jwenn plis enfòmasyon ak resous.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 9.9.21

**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

**NYC**  
Health